**Паспорт фонда оценочных средств**
**по предмету «Чеченский язык»**

| № п/п | Наименование оценочного средства | Чет верть | Разработчик |
|---|---|---|---|
| **5 класс** | | | |
| 1. | Диктант | **I** | Нохчийн мотт. 5 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 2. | Диктант | **II** | Нохчийн мотт. 5 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 3. | Диктант | **III** | Нохчийн мотт. 5 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 4. | Диктант | **IV** | Нохчийн мотт. 5 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| **6 класс** | | | |
| 5. | Диктант | **I** | Нохчийн мотт. 6 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 6. | Диктант | **II** | Нохчийн мотт. 6 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 7. | Диктант | **III** | Нохчийн мотт. 6 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 8. | Диктант | **IV** | Нохчийн мотт. 6 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **7 класс** | | | |
| 9. | Диктант | **I** | Нохчийн мотт. 7 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 10. | Диктант | **II** | Нохчийн мотт. 7 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 11. | Диктант | **III** | Нохчийн мотт. 7 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 12. | Диктант | **IV** | Нохчийн мотт. 7 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| **8 класс** | | | |
| 13 | Диктант | **I** | Нохчийн мотт. 8 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 14 | Диктант | **II** | Нохчийн мотт. 8 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 15 | Диктант | **III** | Нохчийн мотт. 8 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 16 | Диктант | **IV** | Нохчийн мотт. 8 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **9 класс** | | | |
| 17 | Диктант | **I** | Нохчийн мотт. 9 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 18 | Диктант | **II** | Нохчийн мотт. 9 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 19 | Диктант | **III** | Нохчийн мотт. 9 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |
| 20 | Диктант | **IV** | Нохчийн мотт. 9 класс [Текст] : дешаран пособи / В. А. Янгульбаев, Ж. М. Махмаев. - Москва : Русское слово, 2021 |

**Талламан диктант № 1 «Б1аьлланг б1араш»**

Хьуьнхахула волавелча, мажделла охьаэгначу г1аш юккъехь карадо б1араш. Уьш, ц1ен бос болуш, дуьзна хуьлу. Диканиг бен б1аьлланга т1ера охьа ца дужу. Н1аьно талхийнарг т1ехь дуьсу.

Б1араш лахьош лелачу хенахь, хьуна хьалхара д1аоьккху цхьа экха. Иза тарсал ю. Цу жимачу экханан беснеш буьрка санна, юсаелла гахь, хаалахь, цуьнан бага б1арех юьзна юйла. Уьш цара, шайна 1аьнна кечам беш, д1адахка хьош ду шайн хари чу. Иштта адамашна а, дийнаташна а пайдехь ю б1аьлланг. Вай хьуьнан б1ар а олу цунах.

**Т1едиллар:** 1. Т1аьххьарлера предложени синтаксически къастае.

2.Т1аьххьара яьржина предложени, яржаза предложене ерзае.

**Талламан диктант № 2 «Лагерехь»**

Беха **<u>ц1ула</u>** сара баькккхира к1анта. Иштта нийса сара гина бацара цунна.

Малх делкъал т1аьхьенга лестинера. Ц1аьххьана дагавелира Саша, вухаверза веза ша аьлла. Схьаихинчу новкъа ваха а г1ерташ, д1аволавелира иза. Амма билгало йолуш цхьа а х1ума ца хаалора. Тидам ца бинера. Эххар а кхийтира иза, схьавеанчу новкъа ша вухавоьдуш цахиларх. Болар сихдира цо. Х1инца х1умманах а самукъа ца долура, цхьа лаам бара дерриг са д1алаьцна-сихха кху хьуьнхара аравалар

**Т1едиллар:** 1. Шала элпашна буха сиз хьакха.

2. Билгалдаькккхинчу дашна фонетически къастам бе.

**Талламан диктант № 3 «Мокха хьоза»**.

Каде хьийза б1аьста мокха хьоза. Иза къардайна олхазар ду. Уьш даим вовшашца девне хуьлу. Кор диллина хилча, корах чу дог1ий а, раг1у к1елахь лаьттачу пхьег1аш чу хьожийа, шена амал бо оцу хьозано. Цо деш дерг доккха зен дац, цо бечу пайдане хьаьжча. Оцу къардайначу хьозано цхьацца к1еда х1уманаш лахьош, шен бен бо. К1орнеш цо кхобу стоьмаш т1ехь хуьлуш долу зуламе н1аьний даош. Цундела 1алашдан деза и олхазар. Иза адамашца угар ч1ог1а гергарло долуш ду.

**Т1едиллар:** 1. Дешнийн х1оттам билгалбаккха: адамашца, гергарло

**Талламан диктант № 4 «Б1аьсте».**

И шийла 1а доькхуш, йовха а, екхна а еара х1ара б1аьсте. Шура санна к1айчу башлаьмнашна т1ехула яй-й д1ашершара нур догу мархаш. Церан дуткъий 1индаг1аш лаьмнийн басешкахула, вовшашна т1аьхьа а уьдуш, ловзуш т1ехдуьйлура, сих-сиха аматашца хийцалуш. Х1аваъ т1етт1а дохлуш дог1ура. 1аь а г1уьттуш, денлучу бай т1ера хьалаг1ертара заза-буц. Б1аьстено кхелина 1алам догц1ена делакъежара массарна а.

Школан бешара дитташ зазадаьккхина хаза кечделлера, и керт а къагош, амма шайн хазалла х1инца а ца хуучух тера, эсала лаьттара уьш.

**Т1едиллар.**

1.2-г1а легар чу дог1у ц1ердешнаш схьаязде.

V-XI классийн дсшархойн диктантийн мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка юкъара юьллу.
2. Диктантана «5» дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. «4» дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я шиъ орфографически, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
4. «3» дуьллу, ялханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
5. «2» дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (я бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.

Дешархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографическиа, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант язъяле оцу классехь я цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.

Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:

1. Программехь йоцу я Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационни а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, яханчу а хенийн чаккхенаш нийсаязъяр, спряженешкахь хандешнийн нийсаяздар, подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VIа, VII а, VIII а классийн программехь ю).
2. Тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* яздинехь, *Iуьйре* хила дезачохь *Iуьйле яздинехь.*
3. Нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йогIу (егIу), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь.
4. Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала:

*исс - иссалгIа-уьссалгIа, итт - итталгIа - уьтталгIа.*

5. Къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: *пайдаэцар - пайда эцар, нийсаяздар нийса- яздар, гIодар - гIо дар,* и. дI. кх.

6. Дешнашкахь дифтонгаш язъяр: *къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, еха - йиэха,* и. дI. кх. а.

7. ЦIердешнийн къовсаме яздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. а.

Дешархоша далийтинчу гIалаташна юкъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

Даккхий гIалаташ лору:

1. Хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ:
2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хIаллакьхилла, меттахъхъайра.*
3. Дешхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.
4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар *(оху -охуна я охана, тоьгу - тоьгуна я тоьгана).*
5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала: *бохура я бахара, моьттура я моттара.*
6. Кху кенара цIердешнийн яздар: дечиган я дечган, эчиган я аьчган.
7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: *гIуллакх я гIулкх, гIиллакх я гIилкх.*

Дсшархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга н яздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у,) яздарехь.

Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а

(фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен.

Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5» дуьллу,** массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;

**«4» дуьллу,** т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;

**«3» дуьллу**, болх ах я цул сов нийса бинехь;

**«2» дуьллу,** болх эханал к1езиг бинехь.

Билгалдаккхар:

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд

М.Р.Овхадовн,Ж.М. Махмаевн, Р.А.Абдулкадыровн программи т1ехь

**Талламан белхаш**
**6 класс**
**Талламан диктант №1 грамматически т1едилларца «6-чу классехь 1амийнарг карладаккхар. Къамелан дакъош» темина.**

**Хьуьнан дахар**

Сарахь оха тхешан т1оьрмигаш кечдира. Оха цу чу г1утакхаш а, аптечка а, кедаш а, 1айгаш а дехкира. Са ма-хилли тхо новкъа девлира.

Новкъахь Салас ког хадийра.Тхан санитара, цунна йод а хьаькхна, д1абихкира иза. Сала т1аккха д1авеара.

Оха када1а билгалъяькххинчу меттигана т1екхача барх1 километр йисинера. Новкъахь тхо уьшалшна т1е 1иттаделира. Амма тхан разведчикашна дика некъ карийра. Т1аккха тхо оцу новкъа д1адахара.

Т1аьххьара сада1а севцира тхо боккха 1ам болчохь. Ц1еххьана тхуна хезира бер доьлхуш. Тхо девдда цига дахара. Жима ши йо1 тилаелла хиллера. Оха и шиъ новкъа яьккхира.

Грамматически т1едиллар:

1. Хьалхарчу предложенина синтаксически къастам бе.
2. 1-чу предложенехь билгалдаха шайна девза къамелан дакъош .

**Талламан диктант № 2 «Воккха стаг Бисолтий, жима Хьамзаттий»**

Бераш доцуш, шаьшшиъ 1аш дара доккха ши стаг: Бисолтий, Селахьаттий. Дечке ваха тохавеллера воккха стаг Бисолта. Цуьнан лулахочун Дудин Хьамзат ц1е йолуш к1ант вара 6-чу классехь доьшуш. Хьамзат а вахара Бисолтица хьуьнах. Доккхачу хин йисте д1акхечира и шиъ. Башха кхерам боцуш дехьа велира Бисолтий, Хьамзаттий. Бисолтас дечкийн баххьаш ц1андора. Ткъа Хьамзата ц1андина генаш цхьана метте т1ек1ел дохкура. Дашанза дисинчу лайн майданаш т1ехь йолу олхазарийн ларш къестайора Хьамзата.

– Х1ара хьаьжой байинчу ч1ег1аган ю, х1ара къоьзачу ч1ег1аган ю, х1ара мошанан ю бохуш, воккхачу стагана гойтура цо уьш.

– Хьуна стенах, муха евза уьш?

– Ас тидам бина церан, д1адаханчу экханан, олхазаран лоре а хьожуш. Ж1аьлин, цхьогалан, берзан, кхидолчу акхаройн, олхазарийн а лараш къастало соьга. (102 дош) Х-А. Берсанов

**Грамматически т1едиллар:**

1.8-чу предложенина синтаксически къастам бе.

2. Оцу текста юкъара схьаязде 5 билгалдош шайца уьйр йолчу ц1ердешнашца. Билгалдаккха церан тайпа, терахь, дожар

## Таллаbooман диктант № 3 «Ши к1ант тилар»

Деъна са хилира. Гобаьккхина хьун яра лаьтташ. Цхьана а меттехь некъан лар яцара гуш.

Ши к1ант ц1ехьа верза лууш вара. Амма муьлхачу аг1ор ваха веза ца хууш, тиллера и шиъ. Мацвелла кийра 1ийжара.

Делкъхан хиллера. Бажа лелла некъаш карийча жимма сапарг1ат даьллера шина к1ентан. Ламанан дежийлашкахь гуш дара жа а, бежнаш а. Дукха гена валале, бетта мохь хезира шина к1антана.

Ц1ера т1аьхьа даьлла орца, сахиллалц маьхьарий, детташ, 1аннаш цоьстуш леллера. Лечий, 1алхий царна карор вара, и шиъ цхьаьна аг1ор д1аихна гена ваьлла ца хиллехь.

Шаьш 1ачу к1отарара вуьрх1итта-берх1итта километр хиллал д1а ихна хиллера и шиъ.

(Х-А.Берсанов)

**Т1едиллар:** 1. Терахьдешнаш билгалдаха.

2.Кхоалг1ачу предложенина синтакс. къастам бе.

**Талламан диктант № 4 «Б1аьсте».**

Шолг1ачу дийнахь, кхунна г1о дан ц1ахь сецначу 1абдуллас г1о а деш, нехан бежнаш дажо дигира Ахьмада. Малх дика лакхабаллалц кхунна г1о деш а 1ийна, шен керт-кехь г1уллакхаш дан д1авахара 1абдулла. «Стовн колл» олучу меттехь бажа а бажош, б1аьстенна х1инцца самадолуш доллучу 1аламан хазалле а хьоьжуш, гуш долчу суьрто б1аьргана там хуьлуьйтуш, сапарг1ат даьккхина вара Ахьмад. К1антана хазахетара х1инцца заза даьккхина стеш а, сенъелла йог1у буц а, доллу х1ума серла даьккхина, дох а дина болу къегина схьакхетта малх а. «Кеста хьун а сенлур ю, буц лакха а ер ю, стоьмаша заза а доккхур ду», – ойла йора к1анта. Ахьмад х1ума йиъна воллушехь, кхуьнан б1аьрг кхийтира схьайог1учу шина зудчух. Кхунна девзира шен ненан болар.

**Т1едиллар:**

1.Т1аьххьарчу предложенина синтаксически къастам бе

2. Т1аьххьарчу кхаа предложенера хандешнаш схьа а яздай, церан хан, терахь билгалдаккха.

Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд
М.Р.Овхадовн, Р.А.Абдулкадыровн программи т1ехь

**Талламан диктант №1 грамматически т1едилларца «6-чу классехь 1амийнарг карладаккхар. Къамелан дакъош» темина.**

**Хьуьнан дахар**

Сарахь оха тхешан т1оьрмигаш кечдира. Оха цу чу г1утакхаш а, аптечка а, кедаш а, 1айгаш а дехкира. Са ма-хилли тхо новкъа девлира.

Новкъахь Салас ког хадийра.Тхан санитара, цунна йод а хьаькхна, д1абихкира иза. Сала т1аккха д1авеара.

Оха садa1a билгалъяькккхинчу меттигана т1екхача барх1 километр йисинера. Новкъахь тхо уьшалшна т1е 1иттаделира. Амма тхан разведчикашна дика некъ карийра. Т1аккха тхо оцу новкъа д1адахара.

Т1аьххьара сада1а севцира тхо боккха 1ам болчохь. Ц1еххьана тхуна хезира бер доьлхуш. Тхо девдда цига дахара. Жима ши йо1 тилаелла хиллера. Оха и шиъ новкъа яьккхира.

Грамматически т1едиллар:

3. Хьалхарчу предложенина синтаксически къастам бе.
4. 1-чу предложенехь билгалдаха шайна девза къамелан дакъош .

**Талламан диктант №2 грамматически т1едилларца «Хандош» темина**

**Ши накъост**

Ши накъост хьуьна юккъехула д1авоьдуш , царна акха ча т1е1оттаелира. Цхьаъ ведда дитта т1е велира, важа ша волччу новкъахь висира. Кхин дан х1ума а ца хилла, иза латта охьавуьйжира, ша велла моттийта.

Ча т1е а яхана, цунах хьожа яккха юьйлира: стага са ца до1ура. Цуьнан юьхьах хьожа а яьхна, иза велла моьттуш, ча д1аяхара. Мацца а, ча д1аяхна, хан яьлча, важа дечигана т1ера охьа а воьссина, велавелира:

- И х1ун дара, - бохура цо,- хьуна лере а еана чано аьлларг?

- Чано соьга бохура, кхерам болчу меттехь накъост д1а а тосуш, довдуш долу адамаш- вон адамаш ду.

Грамматически т1едиллар:

1. Хьалхарчу предложенина синтаксически къастам бе.
2. Схьаязде 1 –чу абзаца юкъара хандешнаш, билгалбаккха саттам.

**Талламан диктант №3 грамматически т1едилларца «Причасти» темина**

**Дарц хьоькху 1а**

Д1аяхара йовха аьхке, д1аелира дашо гуьйре, охьадеара ло-схьакхечира дарц хьоькху шийла 1а.

Схьахьекха дуьйладелира шийла мехаш. Дерзина лаьтташ дара хьуьнхара дитташ, 1аьнан к1айчу бедаре хьоьжуш. Багий, базий кхин а ч1ог1а сенделлера.

Дукхазза а ло даккхийра долалора, ткъа адамаш 1аьнах сакъералуш, самадуьйлура: 1аьнан цхьа шатайпа, ц1ена серло хуьлура корех чукхетий. Дуьххьарлерачу лай т1ехула таллархой талла бахара. Дийнахь сарралц хезаш дара хьуьнхахь летачу лартоллучу ж1аьлин аз.

Таллархо ву хьуьнан йистехь к1елхиина 1аш. Уьйриг санна керчаш, некъахула схьайог1уш ю пхьагал. Таллархочо шок тоьхча, пхьагало, саца а сецна, шина кога т1е а хиъна, лергаш а доьг1на, - ладуьйг1ира: «Гена дуй техьа ж1аьлеш?»

Грамматически т1едиллар:

1.Шолг1ачу предложенина бе синтаксически къастам.

2. Схьаязъе текста юкъара причастеш, билгалъяккха хан.

**Талламан диктант №4 грамматически т1едилларца «7-чу классехь 1амийнарг карладаккхар.Къамелан дакъош» темина**

**Б1аьсте**

Б1аьсте ца йолуш дикка хьееллера. Т1аьххьарчу к1ирнашкахь екхна , г1орийна, шийла льтташ яра. Дийнахь малх кхетча, ешара, буьйсанна шело ворх1 градусе кхочура, некъ боьхна, ворданашца лелара.ц1еххьана , бовха мох а баьлла, мархаш йолаелира, кхаа дийнахь мела дог1а дилхира. Т1аккха, мох а тийна, дуькъа дохк деара.

Сарахь кхоларш д1аевлира, д1аяхара мархаш.1уьйранна кхеттачу малхо чехка башийра буткъа ша. Баьццара бос белира, можа заза даьллачу дитташ т1ехь хьийза дуьйлира накхармозий. Д1алаьхкинчохь 1оьхура бежанаш, ловза девлира гома когаш долу 1ахарий, новкъахула ловзуш уьдура бераш.

Т1еeара бакъйолу б1аьсте.

Грамматически т1едиллар:

1. Хьалхарчу предложенина бе синтаксически къастам.
2. 1-чу предложенехь билгалдаха шайна девза къамелан дакъош.

**V-XI классийн дсшархойн диктантийн мах хадорехь хьехархочо куьйгалла оьцу кху некъех:**

1. Диктантехь орфографически а, пунктуационни а гIалаташ къаьст-къаьстина лору, оценка юкъара юьллу.
2. Диктантана «5» дуьллу, нагахь цхьа а орфографически гIалат дацахь я цхьаннал сов пунктуационни гIалат ца хилахь.
3. «4» дуьллу, кхааннал сов орфографически а, щиннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я шиъ орфографически, кхоъ пунктуационни гIалат хилахь).
4. **«3» дуьллу,** ялханнал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а гIалат ца хилахь (я 5 орфографически, 5 пунктуационни гIалаташ хилахь).
5. **«2»** дуьллу, иттаннал сов орфографически а, пхеаннал сов пунктуационни а (я бархIаннал сов орфографически а, ворхIаннал сов пунктуационни а) гIалаташ ца хилахь.

Дешархочун балха тIехь гIалат лара деза, орфографически а, пунктуационни а, муьлхха а бакъо талхош, диктант язъяле оцу классехь я цул лахарчу классашкахь Iамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 ша дина нисдарш хилахь (нийса цаяздинарг нийсачуьнца хийцина) оценка цхьана баллана лаг1йо, иштта оценка «5» ца дуьллу, диктантехь 3 я цул сов нисдарш хилча.

Оценка юьллуш, ца лоруш дуьту:

1. Программехь йоцу я Iамийна йоцу орфографически а, пунктуационни а бакъонаш талхош долу гIалаташ (масала, V классехь хандешан карарчу а, яханчу а хенийн чаккхенаш нийсаязъяр, спряженешкахь хандешнийн нийсаяздар, подлежащиний, сказуеминий юккъехь тире йиллар-цайиллар ца Iамадо. Уьш VI а, VII а, VIII а классийн программехь ю).
2. Тилкхаздаьлла гIалат (описка) лору, масала, белхало хила дезачохь белхано яздинехь, Iуьйре хила дезачохь Iуьйле яздинехь.
3. Нохчийн маттахь зевне мукъаза й (йот) яздар, масала: йоза хила дезачохь еза яздахь, йогIу (егIу), юьртахь (йуьртахь), юьгу (йуьгу) яздахь.
4. Орам ларбеш а, ораман аьзнаш хийцалуш а терахьдешнаш яздар, масала: исс - иссалгIа-уьссалгIа, итт - итталгIа - уьтталгIа.
5. Къовсамечу мсттигашкахь чолхечу дешнийн нийсаяздар, масала: пайдаэцар - пайда эцар, нийсаяздар нийса- яздар, гIодар - гIо дар, и. дI. кх.
6. Дешнашкахь дифтонгаш язъяр: къега- къиэга, терса- тиэрса, оза-уоза, еха - йиэха, и. дI. кх. а.

7. ЦIердешнийн къовсаме яздар: стогалла- стагалла, мох – мохан-механ - махан, морха, и. дI. кх. а.

Дешархоша далийтинчу гIалаташна юкъара даккхий а, кегий а гIалаташ къасто деза.

Даккхий гIалаташ лору:

1. Хьалхенца Iамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографически, пунктуационни бакъонаш талхош долу гIалаташ:
2. Мукъазчу элпашна юккъе яздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: хIаллакьхилла, меттахъхьайра.

3. Дешхьалхенца йолчу я чолхечу инфинитиван суффиксийн язъяр.
4. Хандешнех хиллачу тайп-тайпанчу къамелан дакъойн яздар (оху -охуна я охана, тоьгу - тоьгуна я тоьгана).
5. Хандешан ихначу хенан язъяр, масала: бохура я бахара, моьттура я моттара.
6. Кху кенара цIердешнийн яздар: дечиган я дечган, эчиган я аьчган.
7. ЦIердешнийн а, билгалдешнийн а массо къобалйина тIеэцна йолу яцйинчу а, юьззинчу а форманийн язъяр, масала: гIуллакх я гIулкх, гIиллакх я гIилкх.

Дсшархочун балха тIехь цхьамогIа (кхоъ я цул сов) цхьана бакъонна нислуш гIалаташ хилахь, диктантана оценка лакхаяккха мега, масала, дешан чаккхенга н яздарехь, доца шеконан элпаш (а, и, у,) яздарехь.

Комплексни талламан белхашкахь, диктантах а, т1едилларех а (фонетически, лексически, орфографически, грамматически, пунктуационни) лаьттачу, ши оценка юьллу-х1ора балхана шен-шен.

Т1едилларийн мах хадорехь куьйгалла оьцу кху некъех:

**«5» дуьллу,** массо а т1едиллар нийса кхочушдинехь;

**«4» дуьллу,** т1едилларийн ¾ дакъа нийса динехь;

**«3» дуьллу,** болх ах я цул сов нийса бинехь;

**«2» дуьллу,** болх эханал к1езиг бинехь.

Билгалдаккхар:

Орфографически а, пунктуационни а г1алаташ, т1едиллар кхочушдарехь дина долу, диктантан мах хадош лору.

Карарий, юккъерий аттестаци кхочушъяран мах хадоран фонд

**Хьалхарчу чийрикехь 8 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

**Ирсе к1охцал**

Цхьана хьуьнхахь ехаш-1аш яра зу. Цуьнан к1охцалех цхьаъ ирсе хилла, дикачу адамашна беркат дохьуш. Иза луларчу юьртарчу нахана хезна. Амма цхьанне а хууш ца хилла, ирсе к1охцал муьлханиг ду. Т1аккха уггаре а сутарчу стага аьлла: «Вай и зу схьалоцур ю. Цуьнан к1охцалш дерриш а схьа а даьхна, х1оранна цхьацца д1алур ду. Иштта а хуур ду ирсениг муьлха ду».

Цул т1аьхьа нах зу лаха бахана, цхьаъ воцург. «Садолу х1ума ен а йийна, даькккхина ирс суна ца оьшу», - аьлла, ц1ахь 1ийна иза.

Цхьана дийнахь дечке вахана и миска стаг. Наха лоьху зу т1ееана цунна. Адамийн маттахь йистхилла иза:

-Хьан догц1ена ойланаш а, хьанал дахар а девза суна. Сайн ирсе к1охцал ас хьун д1ало. Зуламечу нахана со карор яц, - аьлла, к1охцал д1а а делла, д1аяхна зу.

Мел лехарх нахана зу ца карийна. Ткъа воккхачу стеган керта ирс а, беркат а деана. (128 дош)

Я. Акаева («Стела1ад», 2004 ш., №2)

**Т1едахкарш**:

1. 3-чу абзацера предложенеш (ерриге 3) синтаксически юьззина къастае.

2. Хьалхарчу предложенера дешнийн цхьаьнакхетарш схьаязде, церан уьйраш билгалъяха.

3. **К1охцалгех** –боху дош морфологически талла.

**Шолг1ачу чийрикехь 8 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

**Акха стоьмаш**

Хьалдолуш ду вайн махкахь 1алам. Гурахь а, 1ай а хьуьнахь д1ахедаш бац акха стоьмаш: элхьамчаш, 1ежаш, кхораш, хьаьрмакаш, хьаьмцаш, коканаш… 1аьнан хьалхара шелонаш хьакхаелча, гуттар а чам толо церан.

Хала ду адамна и ерриге а хазнаш схьагулъян. Схьахетарехь, иза дика а ду. Х1унда аьлча, олхазаршна а, акхарошна а ма оьшу царах цхьадолу дакъа 1аьнан а, б1аьстенан а муьрехь, шайн кхача бина, пайдаэца.

Къаьстина хьийкъина хуьлу муьргаш. Х1инца яа ч1ог1а пайдехь ю уьш, цундела хьуьнан олхазарш го церан дитташ т1ехь. Февраль баттахь а, б1аьстенан юьххьехь а дарбане бецаш а, орамаш а карор ду хьуьнхахь, лаха а хууш лехча, царна юкъахь: ч1имаш, боьш, муьжг, иштта кхийолу ораматаш а.

Х1ора синтаран, диттан, бецан хелиган шатайпа дахар ду, дикка ойла йича, вайн дахаран г1аролехь лаьтташ. Уьш ца хилча, вайн дахар деса хир дара. Исбаьхьа, дарбане, комаьрша бу вайн Даймохк. И беза а, лара а, ларбан а вайн декхар ду!     ( 135 дош)

1. Сапарбиева(«Стела1ад», №2, 2003ш.)

**Т1едахкарш:**

1. **Шелонаш** - боху дош фонетически талла.

**2**. 2 предложени синтаксически талла.

3. Текста юкъара **юкъадало дош** схьаязде.

**Кхоалг1ачу чийрикехь 8 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

**Б1аьвнийн махкахь**

Бохь бохийна, цхьа г1ийла ланьтта Хаза-Кхаьллахь (Ч1аьнтахь) Жог1утан ворх1 к1ентан б1ов. Хетало, шен когашкахь 1уьллучу т1улге цо сатуьйсаш санна.

« Хьол жима хилла а йо1, цо и т1улг б1ов юттуш бохкучу вежаршний, дений т1ебохьуш», - дуьйцура Ч1аьнтарчу Батин Асхьаба.

«Жима хилла…» Тасало со т1улгах. Т1улг меттах а ца хьов…

«Х1етахь адамшкахь ницкъ алсам хилла, - велавелира Асхьаб, со к1елхьарайоккхуш санна. Жимма соцунг1а а хуьлий, дийца волало иза: - Жог1утан ворх1 к1ант, цхьа йо1 хилла. Жог1ута, шен к1ентий ондабевлча, цаьрца цхьаьна йоьттина и б1ов. Ворх1 вешин йишас, ша то а бина, кеч а бина и т1улг, т1ехь цхьацца забарш, шекар кагдечу морзахан сурт а дуьллуш. Б1ов юттучу вежаршний, дений т1е х1оттийна шури т1ехь динчу хударан текх дохьуш беана цо и.

Т1аккха цара цу т1улгаца ерзийна, бохуш, дуьйцу и б1ов. Иштта шех лаьцна дийца йиш йолуш ю вайн х1ора б1ов а, х1ора лаьтта т1улг а. Вайн декхар ду церан дола дар, царах лаьцна дерг лардар». (150 дош).

Б.Гайтукаева.

**Т1едахкарш:**

1. 1 предложени синтаксически талла.
2. Шолг1ачу предложенера юкъадало дош билгалдаккха.
3. Шолг1ачу абзацера предложени лач къамеле ерзае.

**Доьалг1ачу чийрикехь 8 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

## Грамматически т1едилларца диктант.

## Лаьмнашкахь

Со тхайн да 1ийначу юьрта яханера. Цигахь ч1ог1а хаза дара. Машенийн я лелхачу герзийн г1овг1а йоцуш, тийна дара юьртахь. Иштта тийналла суна цкъа а гина яцара.

Со инзаре цецъяьккхинера гинчу суьрто. Ирхдахана лекха дитташ. Дехьо юькъа хьун. Хьалахьажча, чаккхе йоцуш санна, лекха лаьмнаш. Цу т1алгаш юккъера, кхехкхаш санна, схьадолу шийла шовда. Хьежарх к1орда ца йора цуьнан сийналла. Чуяьлча а, даржа а ца даьржара шовда. Т1улгаш а, шен басах д1аэдина, ц1андинера цо. И хазалла дешнашца йийцалур яц.

Бердийн басешкахь уьдуш лелара 1ахарий. Царех самукъадаьлла, ехха хьоьжуш 1ийра со. Уьш ч1ог1а хаза ловзура, вовшашна т1аьхьа уьдуш, кортош а бетташ. Суна иштта хаза меттиг цкъа а ца гинера. Бакъду, буьйсанна дукха 1аьржа хуьлура. Лаьмнаш а, хьаннаш а ца гора. Дийнахь сайн самукъадаьkkхина 1алам дайча санна хеталора суна.

(125 дош).

З. Балтукаева

(«Стела1ад, №3,2006 ш.)

**Т1едахкарш**:

1. Т1ера схьаязъе цкъа хьалха **юкъара-юьхьан**, т1аккха – **ц1еран** предложенеш.
2. Т1аьххьара предложени **синтаксически** юьззина къастае.
3. **Хьалхарчу абзацера** латтамаш схьаязбе, церан тайпанаш билгалдаха.

**Хьалхарчу чийрикехь 9 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

## Грамматически т1едилларца диктант.

## Хьоме юрт

Самаевлла н1аьнеш кхайкха юьйлаелча, хьалаг1аьттира Алхаст. Уьйт1а ваьлла х1окхо ламаз оьццушеххь, эвла юккъерачу маьждигехь молла а кхайкхира. 1уьйренан тийналлехь ц1ена, мукъамехь декара цуьнан аз.

Хьуьна йистерад1ахьаьжча, д1о-о лаха чохь гора Алхастан юрт. Х1окху меттехь, жа басенца дажа д1а а хоьций, охьахуура Алхаст тохара жималлехь. Аренаша юкъаерзийначу шен юьрте а хьоьжуш, хийла ойланаш йора цо.

Х1етахьчул дуккха а хийцаелла юрт. Шоръелла, ков-керташ алсамдевлла. Делахь а, Алхастан юрт ю и, хьалха санна, дагна хьоме а, хьалха санна, дагна гергара а.

Алхаст х1инца лаьттачуьра д1айолалуш яра буьрса хьун. Х1окху хьаннашца а дара Алхастан гергарло. Ерриге а, ала мегар долуш, жималла кхузахь пепнийн 1индаг1ашкахь а, Гуьмса ч1ожан басенашца кхуьучу кегийрачу хьаннашкахь а д1аяхнера Алхастан. Х1ора т1улг, х1ора дитт гергара дара кхузахь. Д1а б1аьрг мел тоьхначохь гуш долчу суьрташа хилларш- лелларш дагатуьйсура.

Хьуьна йистера д1а Гумс-хи долчу аг1ор варша боьрзучу ворданан новкъа д1аволавелира Алхаст. Цунна къилбехьа б1аьлланган а, пхонан а орамаш юккъера схьадолуш шовда дара

( 145 дош). I. Юсупов

**Дешнаш довзийтар:** ч1аж (ч1ож) – хьуьнан готта таь1на меттиг ( ущелье); варш – юькъа хьун; поп, б1аьлланг, пха (пхонан) – дечигийн тайпанаш ( чинара, орешник, граб).

**Т1едиллар:** хьалхара 3 предложени синтаксически юьззина къастае.

**Шолг1ачу чийрикехь 9 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

**Хьаша ларвар.**

Т1евеана хьаша ларвар – иза вайн къоман ворх1е дайшкара дуьйна схьадог1уш г1иллакх ду. Дукха хенахь дуьйна схьа дайша берашна 1амош хилла г1иллакх-оьздангалла. Оцу ламастех доьзна ловзарш а кхоллалуш хилла берашна юккъехь. Ишттачех цхьаъ ду «Хьаша ларвар».

Ловзар долалуш, лаьттахь горга сиз хьокху. Иза х1усам ю. Цуьнан барам ловзуш долу бераш мел ду хьаьжжина хуьлу. Кхаж а тосий, х1усамда а, хьаша а къаставо. И шиъ ший а, го юккъе а волий, охьахуу, шиммо а доьхкаран цхьацца аг1о схьалоцу. Гонна арахь болчара куйнаш кхуьйсу, хьешана кхетийта г1ерташ.

Цхьана куьйга доьхка лаьцна волчу х1усамдас, вукху куьйга и куйнаш, хьешана т1е ца кхоьтуьйтуш, аракхуьйсу. Иштта ларво цо шен хьаша. Хьешана куй кхетахь – и ледарло шегара ялийтина волу х1усамда эшна лору. Т1аккха цунна ловзучара, го а бой, т1ехбеттамаш бо: «Хьоьга хьаша лар ца велла, хьо хьайн х1усаман да вац», - бохуш. Цара де боху цхьа х1ума кхочушдан дезаш хуьлу эшна волу «х1усамда»: я хелхавала, я туьйра дийца.**(150 дош).**

**С-1.Аслаханов(«Стела1ад», №6, 2003ш.)**

**Т1едахкарш:**

а) чолхе предложени кара а яй, синтаксически юьззина къастае;

б) шен х1оттамца къастадо «т1ехбеттамаш» боху дош;

в) фонетически къастаде – «г1иллакх».

**Кхоалг1ачу чийрикехь 9 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**Грамматически т1едилларца диктант.**

**Шийла х1усам**

Нохчий а,Кавказера кхидолу бусалба къаьмнаш а къизаллица махкахдаьхначу 1944-чу шарахь дара иза. Шийлачу Алтайн лаьмнашкахь йолчу баганан хьаннашна юккъехь 1уьллура Короткое олу к1отар. Цига кхечира жимачу Хьасанг1еран доьзал. Хьалха чохь говраш кхаьбна долчу ханнийн божалаш чу д1анисдира адам.

Ц1ийнан цхьаъ бен кор дацара. Цо серло к1езиг лора. Малх цигахь 1ай башха кхеташ а бацара. Делкъхан хуьлуш корах арахьаьжча, даш санна кхоьлинчу стиглахь гуш а боцуш, лалаш хилар хаалора малх. Масех сахьт даьлча, юха а лома т1ехьа д1абузура иза. Арахь муха ду хьожур ма ву ша, олий, аравала г1уртура диъ шо долу Хьасан. Амма аннийн не1 чоьхьа йоьллуш яра. Наггахь 1уьйранна не1 а йоьллий, тховх д1акхетталц лекха диллина ло д1адаккха х1уттура дай, наний. Т1оман меттана хьостамашца не1арна т1етоьхна болу гажарг а лоций, не1 сацош хуьлура к1ант, арахь болх бан царна меттиг яллалц. Хийца мотт-г1айба а, т1еюхург а, чухулаюхург а йоцуш, дег1ана ц1ано ян, лийча аьттоа боцуш, жима Хьасанний, дай воцург, берриш а цомгаш хилира. Оцу шийлачу х1усамехь, да балха а воьдий, сарралц ша 1ара Хьасан, меца, сагатдеш. **(165 дош).**

**Хь. Яндарбиев («Орга» , №2, 2006ш.)**

**Т1едиллар:** Чолхе-карара предложени карае, коьртачунна буха нийса си, т1етухучунна буха тулг1енан сиз хьакха.

**Доьалг1ачу чийрикехь 9 классерчу дешархойн хаарш талларан коьчал.**

**ПКЭ-н кечам бар. (тест)**

**1 дакъа**

**Хаттарш:**

1. **Дайн орамашкара дуьйна схьадог1уш муха г1иллакх ду вайн?**
2. **Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь х1ун ду?**
3. **Маца 1ама веза стаг оьзда мотт бийца?**
4. **Х1ун ю оьзда мотт?**
5. **Стенах ларвала г1о до оьздачу матто?**

(1)ХIинццалц дIадаханчу шен дахаран дерриге сурт дуьхьалхIоьттира Ахьъядана оцу минотashкахь. (2)ХIара ког а шершина Iинах чувогIуш, кхуьнан караеара цхьа жима колл. (3)Иза карахь йолу куьг кегийра дегадора. (4)Аьрру куьйго схьалаца бегIийла хIума лоьхура, амма кхо юьхьанца катоьхна тIулг, карара а баьлла, керчина Iинах чубахара. (5)Охьакхаьчча цо даьккхина тата халла бен ца хезира Ахьъядана … (6)Ког дIатасабала хIума яцара …(7) Ницкъ гIелбеллера. (8)Дерриге а дегIах шийла хьацар тоьхнера. (9)Колл карахь йолу аьтту куьг кулла тIерачу кIохцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера. (10) Куьг а, пхьарс а цIийша дуьзнера, амма иза тергалдечохь дацара гIуллакх. (11) КIантана вала ца лаьара, иза ца тешара шен дахаран тIаьххьара миноташ тIехIиттина бохучух. (12)Лерехь: «ДIахеца, Iовдал. (13)Хьо кIелхьараваккха цхьа а вац хьуна. (14) Колл дIахецча, кхин схьалаца хIума яц», - бохуш санна хеталора цхьана озо.

(15) - ХIан-хIа, хIан-хIа… хьалхе ду. (16)Со лийр вац, - жоп делира оцу озана кIанта. (17)Къоначу даго дIатоьттура Iожаллин ирча сурт.

- (18)Со кхин а вехар ву… (19)Сан вала йиш яц! – бохура даго.

(20) «Вехар вуй-те?» - доьлура аз. – (21)Хьо Iинах чу гIур ву. (22)ТIаьххьара бIаьрг тоха хьайна дуьненах, сонта ойланаш а ца еш», - бохура цо.

-(23) Вац! (24)Вац! (25)Хьан хIуьттаренна гIур вац со Iинах чу… (26)Хьан хIуьттаренна вехар ву къанваллалц. (27)ДIадала, ма е гIовгIа!

(28)Боккъалла а шега луьйш цхьа адам долуш санна, вухахьажа аьлла, корта дIаберзийра Ахьъяда, амма оццу минотехь «къарш-къирш» оьккхуьйтуш, хедира кхуьнан карахь йолчу куллан ши-кхо орам. (29)Кхин а чIогIа куьйгаш дегийна, аьрру куьйга лаьттах катуьйхира кIанта…

(30)Оццу минотехь лакхара охьа, цIийша дуьзначу кIентан куьйга тIехула охьабеара беха, шуьйра, къорза бухка. (31) «Гарра» аьлла, цхьа тамашийна вегийра иза. (32)Цкъа юьхьанца и бухка бIарлагIа ю моьттуш, ша кхетамчуьра ваьлла аьлла, хийтира цунна. (33)Амма морсачу бухканан чордалла хааелира коьллаша а, тIулгаша а цистинчу куьйгашна. (34)Кхин еха ойла ечохь дацара гIуллакх… (35)«Къарш-къирш» - нехь татанаш дохуш, хедаш дара куллан тIаьххьара орамаш, цул сов, ницкъ а лаьттара кхачош. (36)Аьрру куьйга колл кхин а чIогIа схьа а лаьцна, жимма хьала а кхоссалуш, бухканах катуьйхира кIанта. (Хь.Б.Саракаев)

**2 дакъа.**

**2.«Ахьъяд шен дахаран т1аьххьара миноташ т1ех1иттина бохучух цатешаран х1ун бахьана дара?»** бохучу хаттарна нийса **т1еч1аг1даран хаам** муьлхачу вариантехь бу?

**1. 1ин кхин башха к1орга дацара.**

**2.К1антана вала ца лаьара**

**3.Ахьъядана шеге луьйш цхьа адам хезира.**

**4.Аьрру куьйга схьалаца бег1ийла х1ума карийра цунна.**

Жоп ______________________________________________________

**3.**Меттан суртх1отторан г1ирс–**фразеологизм** шеца йолу предложени билгалъяккха.

**1.Охьакхаьчча цо даьккхина тата халла бен ца хезира Ахьъядана.**

**2.Колл карахь йолу аьтту куьг кулла тIерачу кIохцалгаша шина-кхаа меттехь хадийнера.**

**3.ТIаьххьара бIаьрг тоха хьайна дуьненах, сонта ойланаш а ца еш», - бохура цо.**

**4.Хьан хIуьттаренна вехар ву къанваллалц.**

Жоп __________________________________________________

**4.**26-чу предложенера **чолхе дош** схьаязде.

Жоп ______________________________________________________

**5.**30-31-чуй предложенешкара **дешхьалхенан** г1оьнца кхолладелла **дош** схьаязде.

Жоп ______________________________________________________

**6.**29-чу предложенера **«аьрру»** бохучу дашна **антоним** ялае. Д1аязъе иза.

Жоп ______________________________________________________

**7.**22-чу предложенера **билгалдош** схьазде.

Жоп________________________________________________________

**8.**8-чу предложенин **грамматически лард** схьаязъе.

Жоп _______________________________________________________

**9.**33-34-чуй предложенеш юкъара **цхьанатайпанарчу меженашца** йолчу предложенин терахь д1аязде.

Жоп________________________________________________________

**10.**Ешначу текста юкъара лахахь ялийначу предложенешкахь ерриге а ц1оьмалгаш **терахьашца билгалийна ю. Т1едерзор къастош х1оттийначу ц1оьмалган терахь схьаязде.**

**Лерехь: «ДІахеца,(1) Іовдал. Хьо кІелхьараваккха цхьа а вац хьуна. Колл дІахецча,(2) кхин схьалаца хІума яц»,(3) - бохуш санна хеталора цхьана озо. - ХІан-хІа, (4)хІан-хІа… хьалхе ду. Со лийр вац, (5)-жоп делира оцу озана к1анта.**

Жоп________________________________________________________

**11**.5,6-чуй предложенешкара **чолхе предложени** схьалаха. Оцу предложенин терахь д1аязде.

Жоп________________________________________________________

**12.**Ешначу текста юкъара лахахь ялийначу предложенешкахь ерриге а ц1оьмалгаш терахьашца билгалийна ю. **Юкъадало дош** къастош х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьаязде.

**Цкъа юьхьанца и бухка бІарлагІа ю моьттуш,(1) ша кхетамчуьра ваьлла аьлла, (2)хийтира цунна. Амма морсачу бухканан чордалла хааелира коьллаша а,(3) тІулгаша а цистинчу куьйгашна. Кхин еха ойла ечохь дацара гІуллакх…«Къарш-къирш» - нехь татанаш дохуш,(4) хедаш дара куллан тІаьххьара орамаш,(5) цул сов,(6) ницкъ а лаьттара кхачош. Аьрру куьйга колл кхин а чІогІа схьа а лаьцна,(7) жимма хьала а кхоссалуш,(8) бухканах катуьйхира кІанта.**

Жоп________________________________________________________

**13.**31-чу предложенера **сказуеми** схьаязде.

Жоп________________________________________________________

**14.**5-чу предложенера **кхачам** схьаязбе.

Жоп________________________________________________________

**3. дакъа.**

Муха кхета хьо **ДЕГАЙОВХО** бохучу дешан маь1нах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна. Язъе **«Адаман дегайовхо»** темина сочинени-ойлаяр айхьа билгалдаьккхинчун буха т1ехь.